



**Rapèl: 1ye desanm se dènye jou pou aplike pou lekòl egondè (HS)! Voye odisyon vityèl yo ale avan 9 desanm**

Chè fanmi,

Nou vle fè w sonje pitit ou a ap antre nan lekòl segondè nan otòn 2023 an, delè pou voye aplikasyon lekòl segondè pitit ou a se **1ye desanm 2022**. Ou gen jiska **9 desanm** pou voye lòt materyèl anplis yo.

**Si w deja aplike, bravo —ou fini.** Ou vle fè chanjman nan aplikasyon w lan? Ou ka fè sa nenpòt lè avan delè **1ye desanm** lan.

**Si w poko aplike, nou vle aplikasyon lekòl segondè w la!**

- Sonje lè w voye aplikasyon pitit ou a se plis chans ou genyen pou w jwenn yon òf nan yon pwogram ou vle!
- Ajoute jiska 12 chwa pwogram nan aplikasyon pitit ou an nan lòd ou pi pito, avèk premye chwa w la anlè kòm # 1.
- Ranpli nenpòt lòt kondisyon pou pwogram [odisyon](#) oswa pwogram [Pwogram ki evalye dosye \(screened\)](#) avan 9 desanm.

**Gen twa fason pou aplike:**

- **Sou entènèt nan [MySchools](#).** Opsyon an disponib 24 èdtan chak jou, sèt jou nan semèn lan. Ou ka aplike sou entènèt nan lang Arab, Bangla, Chinwa, Angle, Fransè, Kreyòl Ayisyen, Koreyen, Ris, Panyòl, oswa Oudou
- **Atravè konseye lekòl pitit ou a genyen kounye a.** Opsyon sa a disponib pandan jounen lekòl la nan jou ki gen lekòl.
- **Nan yon [Sant Byenveni pou Fanmi](#) (Family Welcome Center, FWC)**—w ap jwen orè yo ak adrès yo nan link la. Gen entèpretasyon disponib nan telefòn nan plis pase 200 lang.

**Ou gen kesyon?**

- Jwenn plis enfòmasyon epi gade machasiv MySchools nan [schools.nyc.gov/High](#).
- Èske w bezwen sipò avèk MySchools oswa avèk aplikasyon w lan, oswa lòt kesyon sou admisyon? Pale avèk konseye lekòl pitit ou a oswa estaf [FWC](#).

Bon siksè,

Ekip admisyon lekòl segondè a, Biwo enskripsyon elèv

**Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w?** Asire w mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon nan lekòl segondè nan [schools.nyc.gov/SignUp](#). **Si w vle retire non w sou lis pou resevwa mesaj sou admisyon nan lekòl segondè,** tanpri klike [la a](#).